



*Sistèm
Evalyasyon
Total nan
Massachusetts
(MCAS)*

GID POU
MCAS 2006
POU PAPA AK MANMAN
OSWA MOUN KI
RESPONSAB ELÈV

Depatman Edikasyon Massachusetts





Depatman Edikasyon Massachusetts

Se Depatman Edikasyon Massachusetts ki prepare dokiman sa a.
Doktè David P. Driscoll, Komisè pou Edikasyon

Mesaj Komisè a

Bonjou Papa, Manman, oswa Moun ki Responsab Elèv la:

Egzamen MCAS yo, se yon pati enpòtan nan efò Eta nou an ap fè pou ede tout elèv nan Massachusetts rive bay pi bon rannman. Egzamen sa yo fèt yon jan pou yo mezire konpetans ak konesans ki enpòtan nan matyè fondamantal nan lekòl yo.

Gid sa a ekri yon jan pou ede w gade rezilta pitit ou a nan egzamen MCAS yo pou Prentan 2006 la, epi pou ede w konprann kouman yo rapòte nòt egzamen MCAS yo. Gid sa a konplete *Parent/Guardian Report* la [*Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv*] pitit ou resevwa a. Ane sa a, *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la pi gwo, paske li gen plis enfòmasyon ladan sou rezilta egzamen pou elèv ki nan tout klas yo. Mwen swete enfòmasyon sa yo parèt ou itil.

Si ou gen kesyon ou ta renmen mande pou konprann kisa rezilta oswa rannman pitit ou montre, mwen konseye w chita pale avèk pwofesè pitit ou a, pou konprann rezilta yo, epi pou gade ki jan ou kapab travay ak lekòl la pou ede pitit ou aprann. Nou bezwen sipò w anpil, pou ede pitit ou bay bon rannman lekòl, epi pou pèmèt tout elèv nan Massachusetts resevwa yon pi bon edikasyon.

Yon gwo bonjou pou ou,

David P. Driscoll
Komisè pou Edikasyon

Copyright © 2006 Massachusetts Department of Education

Nou bay pèmasyon la a pou kopye tout dokiman sa a, oswa yon pati ladan l, pou objektif edikasyon ki pa komèsyal. Tanpri bay kredi pou "Massachusetts Department of Education."

Dokiman sa a enprime sou papye resikle.

350 Main Street, Malden, Massachusetts 02148-5023
781-338-3000
www.doe.mass.edu

Sa ki nan Dokiman sa a

Mesaj Komisè a

I. Pou kisa yo fè MCAS la?	2
Direktiv pou patisipasyon	2
Elèv ki gen andikap	2
Elèv ki pa pale angle byen (LEP)	3
II. Ki egzamen MCAS/kesyon esè yo te bay elèv yo pandan Prentan 2006 la?	4
Kesyon esè	5
Tès ratrapaj	5
III. Ki kalite kesyon yo mande nan egzamen MCAS yo?	5
IV. Kouman yo pral sèvi ak rezilta egzamen pitit mwen an?	6
V. Kouman yo rapòte rezilta MCAS yo?	8
A. Rannman pitit ou bay	8
Nivo rannman	8
Nòt pwopòsyonèl	8
Nòt senp	9
Afichaj rezilta yo ak rezilta ki pwobab	9
B. Seksyon II (Klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm): Kòmantè sou rannman pitit ou a nan ekriti	9
C. Seksyon III: Enfòmasyon sou rannman pitit ou a nan kesyon egzamen MCAS yo	10
D. Seksyon IV: Kouman rannman pitit ou a ye lè ou konpare l avèk rannman elèv nan lekòl la, nan distrik la, ak nan Eta a?	10
E. Si <i>Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv la</i> di pitit mwen an te patisipe nan Evalyasyon altènativ la, kisa sa vle di?	11
F. Nan ki sikonstans elèv yo pa resevwa nòt pou MCAS?	11
VI. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?	11
A. Lòt rapò ou ka jwenn	11
B. Lòt resous	12
C. Kisa mwen ka fè pou ede pitit mwen?	12



I. Pou kisa yo fè MCAS la?

Massachusetts Comprehensive Assessment System [Sistèm Evalyasyon Total nan Massachusetts la] (MCAS) fèt yon jan pou satisfè kondisyon ki nan Education Reform Law [Lwa sou Refòm nan Edikasyon] 1993 la. Lwa sa a prezize pwogram egzamen an dwe:

- evalue *tout* elèv lekòl piblik nan Massachusetts, sa ki vle di tou elèv ki genyen andikap, ak elèv ki pa pale angle byen;
- mezire rannman yo dapre estanda edikasyon ki nan *Curriculum Framework [Plan Travay Lekòl]* Massachusetts la;
- fè rapò sou rannman chak elèv, chak lekòl, ak chak distrik.

Kòm youn nan kondisyon pou yo resevwa yon diplòm lise (anplis lòt kondisyon lokal yo), Lwa sou Refòm nan Edikasyon an oblije elèv yo pran egzamen klas 10yèm lan epi reyisi ladan l, nan English Language Arts [Konesans lang angle] (ELA) ak nan Matematik.

Epi tou, pwogram MCAS la rann lekòl yo ak distrik yo yon rapò chak ane sou pwogrè yo rive fè nan sans lwa federal ki rele No Child Left Behind la [Pa Kite Okenn Timoun Dèyè], ki gen kòm objektif pou tout elèv yo vin konpetan nan Lektik ak nan Matematik anvan ane 2014 la pase.

Direktiv pou patisipasyon

An 2006, tout elèv nan lekòl piblik ki ant klas 3yèm rive nan klas 8yèm, oswa ki nan klas 10yèm, te oblije pran egzamen MCAS yo.

Elèv ki gen andikap

Pandan ane ki anvan evalyasyon yo pwojete pou tout Eta a, yon Individualized Education Program [Pwogram Edikasyon Pèsonalize] (IEP) elèv la, oswa ekip 504 la fè yon reyinyon pou gade kouman yon elèv ki gen andikap pral kapab pran egzamen MCAS yo. Yo ekri enfòmasyon sa yo nan IEP elèv la oswa nan plan 504 li.

Pou elèv ki gen andikap, epi ki pa kapab pran egzamen si yo ba yo egzamen estanda MCAS yo, kit se avèk, kit se san dispozisyon espesyal, Depatman Edikasyon an bay MCAS Alternate Assessment [Evalyasyon altènativ MCAS] la. Papa ak manman elèv ki patisipe nan Evalyasyon altènativ la resevwa de (2) *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv*, ki se yon lèt òdinè pou fè konnen elèv la te pran Evalyasyon altènativ la, ak pou montre nivo rannman elèv la, epi yon rapò ki detaye sou rannman elèv la bay nan Evalyasyon altènativ la.

Rezilta MCAS pou elèv ki gen andikap yo, ansanm ak rezilta elèv ki patisipe nan Evalyasyon altènativ la parèt nan rezilta lekòl yo, distrik yo, ak Eta a.





Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon pou patisipasyon yo, ak sou ki dispozisyon espesyal yo kapab pran pou yon elèv, nan *Requirements for the Participation of Students with Disabilities in MCAS (Spring 2006 Update)* [*Kondisyon pou patisipasyon elèv ki gen andikap yo nan MCAS (Revizyon Prentan 2006)*], ki nan sit Wèb Depatman an, nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/part_req.html.

Elèv ki pa pale angle byen (LEP)

Sa yo rele yon Elèv ki pa pale angle byen (Limited English Proficiency, oswa LEP), se «yon elèv ki pa pale angle kòm premye lang li, epi ki pa kapab bay rannman nòmal nan yon klas ki fèt nan lang angle.» Yo deside kalifi kasyon pou LEP a dapre pwosedi idantifikasyon nan distrik la.

Lwa federal ak lwa nan Eta a mande pou *tout* elèv LEP ki enskri nan lekòl piblik Massachusetts, oswa nan lekòl prive kote se lajan leta ki peye, pran egzamen Matematik ak Syans epi Teknoloji/Jeni MCAS bay nan nivo klas yo ye a. Elèv LEP, ki rantre nan lekòl piblik nan Etazini pou premye ane a, te gen chwa pou yo pran egzamen ELA a nan nivo klas yo ye a. Epi tou, kounye a tout elèv LEP yo oblije pran egzamen yo bay chak ane yo sou konpetans nan lang angle (MEPA R/W [Lekti/Ekriti] ak MELA-O [Oral]).

An 2006, elèv LEP kalifye ki pale panyòl, epi ki te enskri nan lekòl nan pati Etazini ki sou kontinan an depi mwens pase 3 an, te gen chwa pou yo pran yon vèsyon egzamen Matematik pou klas 10yèm la an de (2) lang, angle/panyòl kòm yon altènativ, si yo te kapab li ak ekri nan nivo klas yo, oubyen prèske nan nivo klas yo, nan lang panyòl.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou direktiv pou patisipasyon elèv LEP yo nan *Requirements for the Participation of Students with Limited English Proficiency in MCAS and MEPA (Spring 2006 Update)* [*Kondisyon pou patisipasyon elèv ki pa pale angle byen yo nan MCAS ak nan MEPA (Revizyon Prentan 2006)*], ki nan sit Wèb Depatman an, nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/part_req.html.



II. *Ki egzamen MCAS/kesyon esè yo te bay elèv yo pandan Prentan 2006 la?*

Tablo ki pi ba la a montre egzamen MCAS ak question tryouts [kesyon esè] yo te bay an 2006 nan nivo chak klas.

Klas 3	Reading [Lekti] Mathematics [Matematik]
Klas 4	ELA (Composition; Language and Literature) [ELA (Konpozisyon; Lang ak Literati)] Matematik
Klas 5	ELA Language and Literature [ELA Lang ak Literati] Matematik Science and Technology/Engineering [Syans ak Teknoloji/Jeni] History and Social Science Question Tryout* [Kesyon esè pou Istwa ak Syans sosyal]
Klas 6	ELA Lang ak Literati Matematik
Klas 7	ELA (Konpozisyon; Lang ak Literati) Matematik Kesyon esè pou Istwa ak Syans sosyal*
Klas 8	ELA Lang ak Literati Matematik Syans ak Teknoloji/Jeni
Klas 10	ELA (Konpozisyon; Lang ak Literati) Matematik
Klas 9/10	Tès pou Syans ak Teknoloji/Jeni**: <ul style="list-style-type: none"> • Biology [Biyoloji] • Chemistry [Chimi] • Introductory Physics [Fizik elemantè] • Technology/Engineering [Teknoloji/Jeni]
Klas 10/11	U.S. History Question Tryout [Kesyon esè pou Istwa Etazini]*
Retests [Tès ratrapaj]	ELA (Konpozisyon; Lang ak Literati) Matematik

* Yo pa te bay elèv yo rezilta pou kesyon esè yo.

** Yo pa te bay elèv yo rezilta pou egzamen lise nan Syans ak Teknoloji/Jeni yo.

Tout rezilta ofisyèl yo pral pibliye nan Otòn 2007 la pou egzamen Prentan 2007 nan Syans pou elèv lise yo.



Kesyon esè

Elèv ki te nan klas 5yèm, 7yèm, 10yèm, ak 11yèm yo te reponn kesyon esè nan Istwa ak Syans sosyal. Yo pa rapòte rezilta kesyon esè yo pou okenn elèv, ni lekòl, ni distrik.

Tès ratrapaj

Chak ane, pandan Otòn ak Prentan, Depatman an ap bay elèv ki nan klas onzyèm ak douzyèm ansanm ak jenn timoun ki pa lekòl yon chans pou yo pran retests [tès ratrapaj] MCAS yo. Tout elèv ki manm klas 2003–2006 yo, ki pa te ko evalye sou Competency Determination [Detèminasyon Konpetans], te kalifye pou pran tès ratrapaj MCAS ELA ak Matematik, pandan ane anvan an.

Elèv klas onzyèm ki te vle eseye amelyore nòt MCAS yo, pou yo te rive genyen yon Certificate of Mastery [Sètifika pou Nivo Konpetans], te gen yon chans pou yo pran egzamen MCAS estanda 2006 klas 10yèm yo, nan ELA ak Matematik. Lòt elèv klas 11yèm ki te gen absans motive medikalman pou egzamen 10yèm yo, oswa ki te transfere nan lekòl piblik Massachusetts apre klas 10yèm lan, te gen yon chans pou yo te pran egzamen MCAS estanda klas 10yèm yo, pou yo te ka eseye kalifye pou John and Abigail Adams Scholarship [bous etid John and Abigails Adams lan].

III. *Ki kalite kesyon yo mande nan egzamen MCAS yo?*

Egzamen MCAS yo sèvi ak plizyè fòma pou kesyon ki mezire sa elèv la aprann.

- **Multiple-choice questions [Kesyon ki pwopoze plizyè repons]** yo parèt nan tout matyè yo, sòf nan egzamen Konpozisyon ELA yo. Elèv la chwazi repons ki kòrèk la nan kat repons yo pwopoze yo.
Pou chak repons kòrèk, elèv la gen 1 pwen, epi pou chak repons ki pa kòrèk, li gen 0.
- **Open-response questions [Kesyon tou louvri]** yo parèt nan tout matyè yo, sòf nan egzamen Konpozisyon ELA yo. Dapre matyè y ap pran egzamen an, elèv yo konpoze yon repons ekri ki gen youn oswa plizyè paragaf, epi/oswa yon tablo, yon tab, yon dyagram, yon ilistrasyon, oswa yon grafik.
Pou Matematik nan klas 3yèm sèlman, chak repons resevwa yon nòt ki ant 0 ak 2 pwen, dapre gid pou bay nòt yo. Pou tout lòt klas ak tout lòt matyè yo, yo bay yon nòt ki ant 0 ak 4 pwen pou chak repons, dapre yon gid pou bay nòt yo pou chak kesyon tou louvri.
- **Short-answer questions [Kesyon ki mande repons tou kout]** yo parèt sèlman nan egzamen Matematik. Elèv yo konpoze yon repons kout, ki se nòmmanman yon solisyon an chif oswa yon enonse ki kout.
Pou chak repons kòrèk, elèv la gen 1 pwen, epi pou chak repons ki pa kòrèk, li gen 0, dapre gid pou bay nòt yo.





- **Writing prompts [Demann pou ekri]** yo parèt nan egzamen Konpozisyon ELA yo. Nan klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm yo, elèv yo ekri yon konpozisyon pou reponn yon demann pou ekri.

Egzamen Konpozisyon ELA a gen de (2) sesyon ki fèt menm jou a, avèk yon ti peryòd repo kout ant sesyon yo. Nan premye sesyon an, elèv yo fè yon premye kopi obouyon yo pa pral bay nòt pou li, pou reponn demann pou ekri a. Apre yon peryòd repo, elèv yo retounen pou fè yon revizyon premye kopi obouyon an, pou fè yon kopi definitif yo remèt pou korektè a bay yon nòt.

Yo bay nòt pou chak Konpozisyon ELA nan de (2) domèn ki pi ba yo, dapre yon gid pou bay nòt:

- Topic Development [Devlopman yon sijè] (2–12 pwen)
- Standard English Conventions [Konvansyon angle estanda] (2–8 pwen)

IV. *Kouman yo pral sèvi ak rezilta egzamen pitit mwen an?*

Pandan w ap gade rezilta pitit ou a, sonje byen:

- *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la bay enfòmasyon enpòtan sou rannman pitit ou a nan travay lekòl li, nan matyè MCAS te bay egzamen sou yo pandan ane 2006 la. Gade rezilta MCAS yo ansanm ak evalyasyon pwofesè yo, ansanm ak travay lekòl timoun lan fè chak jou, pou w kapab konprann ki kalite travay pitit ou a ap fè nan lekòl li. Li enpòtan pou w montre ou enterese nan travay pitit ou, epi pou w ankouraje l.
- *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* MCAS bay pou pitit ou a pral antre nan dosye tanporè elèv la. Dosye tanporè elèv pou pitit ou a genyen ladan l tout enfòmasyon lekòl la konsève sou pitit ou a, ki pa parèt nan relve nòt li. An jeneral, pèsonn pa kapab gade dosye sa a san pèmision elèv la oswa pèmision papa ak manman l, oswa moun ki responsab elèv la, sòf elèv la limenm, papa, manman, oswa moun ki responsab elèv la, epi anplwaye otorize nan lekòl la. Yo detwi dosye tanporè elèv la, pa pi ta pase senk an apre elèv la transfere nan yon lòt lekòl, oswa diplome, oswa kite sistèm lekòl la. Si w bezwen plis enfòmasyon sou kesyon sa a, gade nan sit Wèb Depatman an, nan adrès www.doe.mass.edu.
- Kòm youn nan kondisyon pou yo resevwa yon diplòm lise, elèv yo oblije reyisi nan egzamen MCAS pou klas 10yèm la nan ELA ak nan Matematik. Anplis yo oblije reyisi nan egzamen MCAS yo, elèv yo ap oblije satisfè kondisyon lokal pou resevwa diplòm lise a tou. Si pitit ou a pa rive fè yon nòt pwopòsyonèl 220 pwen oswa plis nan egzamen MCAS ELA ak egzamen Matematik yo, l ap kapab pran egzamen li pa te reyisi an (yo) ankò. Elèv yo ap gen plizyè chans pou yo pran





egzamen yo ankò si yo pat reyisi nan egzamen yo. Si pitit ou a pat reyisi nan youn oswa nan toude egzamen MCAS pou klas 10yèm yo, w ap resevwa yon papye, an menm tan ak *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la, ki fè w konnen nan ki kondisyon ou gen dwa mande yon Performance Appeal [Revizyon sou ranman elèv la].

- Rezilta pou ELA ak Matematik pou elèv klas dizyèm yo (ak pou elèv onzyèm ki pat patisipe anvan nan egzamen ELA ak/oswa Matematik pou klas 10yèm yo) sèvi tou pou gade si elèv la kalifye pou bous etid John and Abigail Adams la. Elèv ki nan lise piblik nan Massachusetts yo kalifye otomatikman pou bous etid Adams la, si yo
 1. fè nòt ki mete yo nan kategori *Advanced* [*Bon anpil*] nan ELA oswa nan Matematik pou klas 10yèm la;
 2. fè nòt ki mete yo nan kategori *Proficient* [*Bon*] oswa *Bon anpil* nan dezyèm matyè a (ELA oswa Matematik); epi
 3. fè yon nòt konbine pou MCAS nan evalyasyon sa yo, ki mete yo nan 25 pousan ki pi wo nan distrik lekòl yo a.
- Espesyalis nan edikasyon yo sèvi ak rezilta elèv yo, rezilta lekòl la, ak rezilta distrik yo, pou travay sou pwogram lekòl yo epi pou amelyore pwogram yo. Metòd sa a satisfè yon pati nan sa Lwa sou Refòm nan Edikasyon an mande, kididonk fè klas yo pi bon, ak ede elèv nan Massachusetts yo bay pi bon ranman dapre estanda pou edikasyon ki nan *Plan Travay Lekòl* la.
- Si gen plis pase 20 pousan nan elèv yon distrik ki pran nòt nan nivo *Warning/Failing* [*Avètisman/Pa bon*] an nan egzamen MCAS pou ELA ou pou Matematik nan nenpòt ki klas, distrik la pral oblije devlope yon Individual Student Success Plan [Plan endividyèl pou fè elèv travay byen] pou chak elèv ki pran nòt sa yo. Espesyalis nan edikasyon ki nan distrik sa yo sèvi ak rezilta elèv yo, ansanm ak lòt enfòmasyon ki nan evalyasyon yo, pou devlope plan yo, kote yo bay tout kalite sipò ak sèvis ki genyen. Sa vle di tou yo ofri elèv yo Academic Support Programs [Pwogram pou sipòte elèv lekòl], pou ede yo satisfè estanda edikasyon ki genyen nan Eta a.
- Depatman Edikasyon an sèvi ak rezilta MCAS yo pou mezire pwogrè lekòl yo ap fè pou rive fè tout elèv yo vin konpetan nan ELA ak nan Matematik. Objektif prensipal lwa federal ki rele Pa Kite Okenn Timoun Dèyè a, se rive nan nivo sa a anvan ane 2014 la pase. Chak ane, Eta a pibliye yon rapò sou Adequate Yearly Progress [Pwogrè nòmal pou ane a] (AYP) pou tout lekòl nan Eta a, tout lekòl nan chak distrik, epi pou kèk soukategori elèv ki nan chak lekòl ak nan chak distrik. Nan soukategori yo, genyen elèv sa yo:
 - elèv ki pa pale angle byen, oswa ki pat pale angle byen
 - elèv ki gen andikap
 - elèv ki pa gen lajan
 - elèv Afwo-Ameriken/Ameriken Nwa, Azyatik, Panyòl, Ameriken Endyen Natif Natal, ak Blan





V. Kouman yo rapòte rezilta MCAS yo?

A. Rannman pitit ou bay

Seksyon I nan *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la gen yon lis ki montre sou ki matyè yo bay tout egzamen yo nan klas pitit ou a, ak nivo rannman pitit ou a nan chak matyè, ak nòt pitit ou a pran nan chak matyè, epi rezilta ki pwobab yo.

Nivo rannman

Nivo rannman yo sèvi pou konpare rannman yon elèv ak estanda pou elèv aprann, ki tabli nan *Plan Travay Lekòl* la. Pou yo kapab rapòte rezilta egzamen yo dapre nivo rannman MCAS yo, pwofesè lekòl yo, administratè yo, pwofesè inivèsite yo, ak manm kominote yo patisipe nan komite ki tabli estanda pou chak nan tès operasyonèl yo, pou deside ki nòt yo pral aksepte kòm nòt ki pi ba nan chak nivo rannman.

Yo pa fè *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* pou kesyon esè yo. Yo pa fè rapò sou rezilta kesyon esè yo, men yo sèvi avèk yo pou jwenn enfòmasyon sou rannman elèv nan kesyon egzamen yo.

Yo remèt lekòl yo rezilta test item analysis [analiz sou kesyon tès] pou lise yo nan Syans ak nan Teknoloji/Jeni yo, epi yo ka fè papa ak manman elèv ki mande yo gen rezilta egzamen sa yo.

Nan klas 4yèm jiska klas 8yèm, yo rapòte rezilta MCAS yo nan kat nivo rannman:

Advanced [*Bon anpil*], **Proficient** [*Bon*], **Needs Improvement** [*Bezwen fè pwogrè*] epi **Warning** [*Avètisman*]. Pou egzamen epi tès ratrapaj nan ELA ak Matematik yo nan klas 10yèm la, nivo sa yo se **Bon anpil**, **Bon**, **Bezwen fè pwogrè** epi **Failing** [*Pa bon*]. Pou egzamen nan Lekti ak Matematik yo nan klas 3yèm la, nivo rannman sa yo se **Above Proficient** [*Pi wo pase bon*], **Bon**, **Bezwen fè pwogrè** epi **Avètisman**.

Evalyasyon altènativ MCAS pou elèv nan klas 3yèm jiska 8yèm ak 10yèm yo genyen ladan yo tou nivo rannman **Progressing** [*Ap fè pwogrè*], **Emerging** [*Ap koumanse travay byen*], epi **Awareness** [*Ap pran konsyans*].

Nan kouvèti dèyè *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv la*, gen definisyon jeneral nivo rannman nan Evalyasyon MCAS ak Evalyasyon altènativ MCAS yo.

Nòt pwopòsyonèl

Pou klas 4yèm jiska 10yèm, nòt pwopòsyonèl elèv ant 200 ak 280. Lè yo sèvi ak nòt pwopòsyonèl yo, sa ede entèprete rezilta MCAS yo nan plizyè egzamen, ak pandan plizyè ane. Pa egzanp, yon nòt pwopòsyonèl ki 240 pou nenpòt egzamen MCAS ap toujou vle di elèv la fè yon nòt ki tonbe byen ba nan nivo rannman ki rele **Bon** an. Yo pa rapòte nòt pwopòsyonèl pou klas 3yèm.





Kategori nòt pwopòsyonèl MCAS pou 2006 pou klas 4yèm–10yèm	
Nivo rannman	Pwen pou nòt pwopòsyonèl
<i>Bon anpil</i>	260–280
<i>Bon</i>	240–258
<i>Bezwen fè pwogrè</i>	220–238
<i>Avètisman</i> (klas 4–8) <i>Pa bon</i> (klas 10yèm)	200–218

Nòt senp

Yo montre nòt senp yo nan seksyon rapò a ki gen Display of Scores and Probable Range of Scores [Afichaj rezilta yo ak rezilta ki pwobab] yo. Nòt senp la reprezante kantite pwen pitit ou a fè nan egzamen an.

Afichaj rezilta yo ak rezilta ki pwobab

Pati sa a ki nan seksyon I an montre rezilta pitit ou ak rezilta ki pwobab yo. Li sèvi avèk yon blòk gri ki kouche, ak yon liy ki kanpe nan mitan l. Liy ki kanpe a reprezante nòt pwopòsyonèl pitit ou a pran (nòt senp li, pou klas 3yèm) pou chak egzamen. Blòk ki kouche a montre ki nòt ki ta posib pou pitit ou a pran, si yo te ba li egzamen an plizyè fwa. Seksyon sa a fè koneksyon tou ant kategori nòt yo avèk nivo rannman MCAS yo.

B. Seksyon II (Klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm): Kòmantè sou rannman pitit ou a nan ekriti

Yo te bay elèv nan klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm yo egzamen Konpozisyon an (ekriti), ak egzamen sou Lang ak Literati a (lekti). Yo mete rezilta de (2) egzamen yo ansanm pou kalkile nivo rannman an, ak nòt pwopòsyonèl pou egzamen ELA a. Pou klas sa yo, seksyon II nan *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la montre kòmantè korektè yo sou egzamen Konpozisyon an.

Se de (2) korektè endepandan ki te korije Konpozisyon ELA pitit ou a. Chak korektè sa yo te resevwa yon lis ki genyen kòmantè yo te kapab fè sou sa elèv yo ekri, epi korektè yo te chwazi de (2) kòmantè nan lis sa a pou bay enfòmasyon sou rannman pitit ou nan ekriti. Si tou de (2) korektè yo te chwazi menm kòmantè a, kòmantè a parèt yon sèl fwa. Ou ka jwenn tout lis kòmantè korektè yo te gen dwa fè yo, nan sit Wèb Depatman an, nan adrès sa yo, www.doe.mass.edu/mcas/student/2005/scoring4.doc, www.doe.mass.edu/mcas/student/2005/scoring7.doc, epi www.doe.mass.edu/mcas/student/2005/scoring10.doc.



C. Seksyon III: Enfòmasyon sou rannman pitit ou a nan kesyon egzamen MCAS yo

Seksyon III nan *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la montre kouman pitit ou a te reponn pou chak kesyon nòmal nan chak matyè ki nan egzamen yo. Premye ranje nan seksyon sa a montre yon lis ki gen yon chif oswa yon abrevyasyon pou chak kesyon ki posib. Tablo ki pi ba la a montre kantite kesyon yo poze pou chak klas ak pou chak matyè.

Egzamen MCAS pou 2006			
Kantite kesyon nòmal pou chak klas ak pou chak matyè			
Klas	Konesans lang angle	Matematik	Syans ak Teknoloji/Jeni
3	42	35	--
4	40 plis Konpozisyon	39	--
5	40	39	39
6	40	39	--
7	40 plis Konpozisyon	39	--
8	40	39	39
10	40 plis Konpozisyon	42	--

Kòm kantite kesyon yo varye ant klas yo epi ant matyè yo, rapò pou pitit ou a pral genyen kèk nan kategori yo ak kèk nan espas pou ekri nòt yo ki nwasi, swivan kantite kesyon yo ak swivan ki kesyon egzamen an te genyen ladan l. Pa egzanp, se sèlman rapò ki gen kesyon pou klas 4yèm, 7yèm, oswa 10yèm nan Konesans lang angle yo ki pral gen enfòmasyon anba abrevyasyon WP pou nimewo kesyon yo. Espas sa yo pral nwasi pou tout lòt klas yo ak tout lòt matyè yo.

Lejann ki nan paj dèyè *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la bay enfòmasyon pou entèprete kòd ki ekri nan kategori rapò a, ak nan ranje pou nòt yo. Pou wè kesyon yo te poze yo, ak repons kòrèk yo, ale nan sit Wèb Depatman an nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/testitems.html, kote ou pral jwenn *Release of Spring 2006 MCAS Test Items [Piblikasyon kesyon nan egzamen MCAS Prentan 2006]*. Ou kapab chwazi ak enprime tèks ki nan dokiman sa a pou chak klas ak chak matyè.

D. Seksyon IV: Kouman rannman pitit ou a ye lè ou konpare l avèk rannman elèv nan lekòl la, nan distrik la, ak nan Eta a?

Seksyon sa a nan *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la konpare rannman pitit ou a bay nan chak matyè avèk rannman mwayenn elèv ki nan menm klas la, nan lekòl pitit ou a, nan distrik lekòl lokal ou a, epi nan tout Eta a.

Nivo rannman pitit ou a ki ekri nan Seksyon I an nwasi nan bò gòch chak grafik (A = Bon anpil; P+ = Pi wo pase bon [klas 3yèm sèlman]; P = Bon; NI = Bezwen fè pwogrè; W = Avètisman; F = Pa bon [klas 10yèm sèlman]). Ba ki nan mitan grafik la montre pousantaj elèv nan lekòl pitit ou a (SCH) ak nan distrik la (DIS), ak nan Eta a (STA) ki te bay rannman nan chak nivo.



E. Si Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv la di pitit mwen an te patisipe nan Evalyasyon altènativ la, kisa sa vle di?

Si pitit ou a te patisipe nan Evalyasyon altènativ la, *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la ap montre yon nivo ranman, men li p ap montre nòt pwoposyonèl pou egzamen estanda la. Gen enfòmasyon ki bay plis detay sou ranman pitit ou a nan Evalyasyon altènativ la, nan yon rapò separe pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv la.

F. Nan ki sikonstans elèv yo pa resevwa nòt pou MCAS?

- Si yon elèv te absan nan egzamen yo, epi li te gen yon papye doktè ki di li malad, *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la ap montre kòm nivo ranman elèv la te *medically excused* [gen yon eskiz doktè].
- Si yon elèv te absan nan egzamen yo ak nan seyans ratrapaj yo, san li pa te gen yon papye doktè ki di li malad, *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la ap montre kòm nivo ranman elèv la te *absent* [absan].
- Si pitit ou a se yon elèv ki pa pale angle byen, *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la ap montre kòm nivo ranman LEP, si elèv la te enskri nan yon lekòl nan Etazini pou premye fwa pandan ane eskolè 2005–2006 la.
- Sa pa rive anpil fwa, men gen kèk ka kote *Rapò pou papa ak manman oswa moun ki responsab elèv* la kapab di *Incomplete* [Pa fini] oswa *Transferred* [Transfere] pou yon nivo ranman, oubyen kapab pa gen anyen ki parèt nan kote sa a nan rapò a. Kontakte lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon.

VI. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

A. Lòt rapò ou ka jwenn

Yo voye resous ki nonmen nan seksyon sa a bay lekòl ak nan distrik yo, apre yo bay egzamen MCAS yo. Ou mèt kontakte lekòl kote pitit ou a te pran egzamen MCAS yo, pou w ka jwenn resous yo.

- *Composition CD* [Konpozisyon sou CD] (klas 4yèm, 7yèm, ak 10yèm sèlman)
Yo voye Konpozisyon ELA elèv yo bay lekòl yo nan fòma elektwonik sou CD, epi papa ak manman oswa moun ki responsab elèv la kapab resevwa yo, si yo mande sa.
- *School and District Reports* [Rapò sou lekòl ak distrik]
Ou ka jwenn rapò sa yo sou Entènèt, epi yo bay enfòmasyon sou piblikasyon rezilta soukategori elèv yo dapre rezilta pou entèval nòt pwoposyonèl, dapre rezilta sou nivo ranman yo, epi dapre konparezon rezilta yo pou twa ane.
- *Test Item Analysis Report Summaries* [Rezime pou rapò sou analiz sou kesyon tè s yo]
Rapò sa yo montre nòt mwayenn lan ak pousantaj repons tout elèv yo pou chak nan kesyon ki pwopoze plizyè repons yo, pou kesyon ki mande repons tou kout, oswa pou pwen elèv yo reyalize kòm nòt pou kesyon tou louvri yo.





B. Lòt resous

Ou ka jwenn publikasyon ki ekri nan lis ki nan seksyon sa a nan sit Wèb Depatman an. Gen anpil lòt ankò ou ka jwenn nan lekòl pitit ou a.

- *Release of Spring 2006 MCAS Test Items [Piblikasyon kesyon nan egzamen MCAS Prentan 2006]*: ou ka jwenn publikasyon sa a nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/testitems.html; li gen kesyon ki nan tout egzamen MCAS 2006 ki te bay rezilta yo rapòte pou elèv yo.
- *Requirements for the Participation of Students with Disabilities in MCAS (Spring 2006 Update) [Kondisyon pou patisipasyon elèv ki gen andikap yo nan MCAS (Revizyon Prentan 2006)]*: ou ka jwenn publikasyon sa a nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/part_req.html; li esplike kondisyon pou patisipasyon elèv ki gen andikap yo, ak pou yo jwenn tout kalite èd yo kapab resevwa.
- *Requirements for the Participation of Students with Limited English Proficiency in MCAS and MEPA (Spring 2006 Update) [Kondisyon pou patisipasyon elèv ki pa pale angle byen yo nan MCAS ak nan MEPA (Revizyon Prentan 2006)]*: ou ka jwenn publikasyon sa a tou nan adrès www.doe.mass.edu/mcas/part_req.html; li esplike kondisyon pou patisipasyon elèv LEP yo.
- *Curriculum Frameworks in English Language Arts, Mathematics, Science and Technology/Engineering, and History and Social Science [Plan Travay Lekòl nan Konesans lang angle a, Matematik, Syans ak Teknoloji/Jeni, epi Istwa ak Syans Sosyal]*: ou ka jwenn resous sa yo nan adrès www.doe.mass.edu/Frameworks/current.html; yo esplike kisa elèv yo dwe konnen, ak kisa yo dwe kapab demontre, dapre nan ki klas yo ye.

C. Kisa mwen ka fè pou ede pitit mwen?

Sipò pitit ou bezwen ou ba li a enpòtan kounye a, epi pandan tout ane lekòl la. Men kèk konsèy ki kapab ede w sipòte pitit ou, lè lap pare pou pran egzamen MCAS ki pral vini yo.

- Pale regilyèman ak pwofesè pitit ou, pou gade kisa ou kapab fè lakay ou pou sipòte travay pitit ou ap fè nan lekòl li.
- Veye pou pitit ou a pran ase repo, manje byen, epi rive lekòl alè chak jou. Veye pitit ou lekòl byen pare pou l aprann.
- Pale avèk pitit ou sou matyè kote li bezwen fè pwogrè, epi mande li si l kwè li fè pwogrè li bezwen fè yo. Si l reponn non, chache konnen poukisa.
- Mande pitit ou a ki devwa li gen pou fè lakay li pou demen, ak pou semenn k ap vini an, epi veye pou devwa yo fin fèt.
- Mande pitit ou a esplike kisa lap etidye. Konvèsasyon konsa yo ede w swiv pwogrè pitit ou, epi sa ede pitit ou a sonje sa li aprann.
- Si pitit ou a gen yon andikap, mande pwofesè a (yo) kouman MCAS mache ak IEP oswa ak plan 504 pitit ou a.
- Ede pitit ou a fè egzèsis sou kesyon MCAS yo, epi reli egzamen yo ansanm, pou nou tout konnen kisa elèv la dwe fè.







Haitian Creole
version

